

Kisa pou ou fè si ou pa t gen asirans sante nan ane 2015?

Apati mwa janvye 2014, oumenm ak fanmi ou dwe:

- gen pwoteksyon asirans sante pandan tout ane a, oswa
- kalifye pou yon egzanpsyon nan pwoteksyon asirans, oswa
- peye yon sanksyon lè ou ranpli fòm deklarasyon taks sou revni ou.

Sanksyon an se Peman Responsablite Komen Endividyèl.

- Pou ane 2015, sanksyon an se \$325 pou chak adilt oswa 2% revni ou, kèlkeswa sa ki pi gwo a.
- Pou ane 2016, sanksyon an ap \$695 pou chak adilt oswa 2.5% revni ou, kèlkeswa sa ki pi gwo a.

Lòt faktè ta ka afekte peman ou.

Konnen chwa asirans sante ou pou ane 2016.

- NY State of Health: Sou Entènèt nan sitwèb nystateofhealth.ny.gov Nan telefòn nan nimewo 1-855-355-5777
- Community Service Society pou èd fas-a-fas gratis Rele nimewo 1-888-614-5400

Gen Èd Gratis ki Disponib



- Jwenn èd siplemantè pou chwazi SLCSP ou, oswa jwenn enfòmasyon jeneral sou Fòm 1095-A oswa Kredi Fiskal nan Prim Asirans depi ou rele **Defansè Sante Kominotè (Community Health Advocates): 1-888-614-5400.**
- Jwenn yon fòm korije oswa yon fòm ranplasman depi ou rele **NY State of Health: 1-855-766-7860.**
- Pou kesyon sou taks, tanpri konsilte konseye taks, oswa kontakte **IRS** sou sitwèb www.irs.gov.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb:

- <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>
- IRS nan www.irs.gov
- Preparatè Taks

Sèvis nou yo gratis.
Nou pale anpil lang diferan.

Èske Ou Te Resevwa yon Fòm 1095-A nan NY State of Health?

Nou kapab ede ou!



Fason pou Konprann Kijan pou Itilize Fòm 1095-A IRS

Fòm sa a ap vini pa lapòs epi n ap mete li nan kont NY State of Health ou si ou te antre nan yon plan Marketplace nan ane 2015 la.*

Konsève fòm sa a epi li enstriksyon ki vini avèk li.

Itilize fòm sa a pou ranpli fòm deklarasyon taks ou.

Form 1095-A Health Insurance Marketplace Statement		<input type="checkbox"/> VOID	OMB No. 1545-2332
Department of the Treasury Internal Revenue Service		<input type="checkbox"/> CORRECTED	2015
Information about Form 1095-A and its separate instructions is at www.irs.gov/form1095a .			
Part I Recipient Information			
1 Marketplace identifier	2 Marketplace assigned policy number	3 Policy issuer's name	
4 Recipient's name	5 Recipient's SSN	6 Recipient's date of birth	
7 Recipient's spouse's name	8 Recipient's spouse's SSN	9 Recipient's spouse's date of birth	
10 Policy start date	11 Policy termination date	12 Street address (including apartment no.)	
13 City or town	14 State or province	15 Country and ZIP or foreign postal code	
Part II Covered Individuals			
A. Covered individual name	B. Covered individual SSN	C. Covered individual date of birth	D. Coverage start date
E. Coverage termination date			
16			
17			
18			
19			
20			
Part III Coverage Information			
Month	A. Monthly enrollment premiums	B. Monthly second lowest cost silver plan (SLCSP) premium	C. Monthly advance payment of premium tax credit
21 January			
22 February			
23 March			
24 April			
25 May			
26 June			
27 July			
28 August			
29 September			
30 October			
31 November			
32 December			
33 Annual Totals			

*Nòt: Moun ki gen plan pou medikaman ki chè anpil p ap resevwa fòm sa a.

Fason pou Itilize Fòm 1095-A nan NY State of Health

Èske ou te itilize APTC pandan yon mwa oswa plis mwa?

Si ou te fè sa, kantite lajan ou te itilize a te baze sou revni estime ou. Ou gen obligasyon pou konsilye kantite lajan kredi taks ou te itilize yo avèk kantite lajan ou kalifye pou resevwa dapre vrè revni ou.

Èske ou te peye tout frè pou plan ou pou yon mwa oswa plis mwa?

Si vrè revni ou pi piti pase oswa egal a 400% FPL, ou ka kalifye pou reklame Kredi Taks nan Prim Asirans, menmsi ou pa t aplike pou èd finansye, ou pa t itilize li, oswa ou pa t kalifye pou li lè ou te antre nan plan an.

Fason pou konsilye/reklame Kredi Taks nan Prim Asirans

Etap 1: NY State of Health ap voye ba ou Fòm 1095-A ba ou.

Etap 2: Itilize Fòm 1095-A pou ranpli Fòm 8962 IRS. Si ou te gen APTC chak mwa lè ou te nan plan an, nou te ranpli Fòm 1095-A okonplè pou ou. Si ou te enskri nan plan an san kredi nan taks, ou bezwen idantifye prim Dezyèm Plan Ajan ki Koute Mwen Chè a [Second Lowest Cost Silver Plan (SLCSP)] chak mwa lè ou te nan plan an san kredi nan taks.

Etap 3: Ranpli fòm deklarasyon taks federal sou revni nou, avèk fòm apwopriye nan Seri 1040 ak Fòm 8962.

Ou Bezwen Èd?

Resous yo disponib nan **anpil lang** sou sitwèb <http://www.info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>

Jwenn èd siplemantè pou chwazi SLCSP ou, oswa jwenn enfòmasyon jeneral sou Fòm 1095-A oswa Kredi nan Taks sou Peman Asirans pa Mwa depi ou rele **Defansè Sante Kominotè** nan **1-888-614-5400**.

Jwenn yon fòm korije oswa yon fòm ranplasman depi ou rele **NY State of Health** nan nimewo **1-855-766-7860**.